



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 1 janvyè 2015

**TRANSKRIPSYON RAPID: DISKOU INOGIRASYON GOUVÈNÈ CUOMO NAN VIL NEW YORK**

***Nan 2<sup>yèm</sup> manda a, Gouvènè a angaje pou l adrese pi gwo defi Eta New York ap fè fas jodia: Restore pwomès edikasyon, kreye nouvo opòtinite ekonomik, ak sekirize jistis pou tout moun***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Adjwen Kathy Hochul jodia te bay diskou inogirasyon nan yon seremoni ki te fèt nan yon World Trade Center nan vil New York. Avèk yon konsantrasyon renouvle sou kesyon ki pi presan nan Eta ak yon siyal pwogrè kap vini, diskou Gouvènè a montre pilye fondamantal ajanda administrasyon an:

- Kreye opòtinite ekonomik pou tout moun;
- Kreye pi bon sistèm edikasyon nan mond lan; e
- Restore konfidans ak konfyans nan sistèm jistis la alafwa nan pèsepsyon ak nan reyalite.

Diskou odyo Gouvènè a disponib nan MP3 [la](#).

**Ou ka jwenn yon transkripsyon rapid sou diskou Gouvènè a anba:**

Mèsi anpil. Toudabò, a Gouvènè adjwen Bob Duffy, ki te di tout bagay. Bob avèk mwen te gen yon katran ki te difisil ansanm. Anpil nwit ap travay byen ta; anpil estrès. Anpil move jou; ak anpil bon jou. E andire sityasyon nou te travèse a, sa fè ou reyèlman aprann anpil bagay osijè lòt moun nan. E yon sèvant piblik ekselan - yon gason ekselan mwen pa janm travay avèk yon lòt moun konsa nan lavi pase Bob Duffy. Li enkanè tout sa administrasyon an ye. Li travay san souf. Li se entegrite. Li se pèfòmans. E li nan biznis lan pou tout bon rezon yo. Nou reyèlman pral manke l. Nou renmen l. An nou ba li yon gwo aplodisman, Gouvènè adjwen Bob Duffy.

Kidonk nou reyèlman gen anpil gwo soulye pou n ranpli, literalman ak metaforikman, lè nou te dwe ranplase Bob Duffy. E nou te jwenn yon sipèsta e nou te tandè pale de li kounye a. Plis ou wè l, se plis ou pral renmen l. Li remakab. Ansyen manm nan Kongrè Buffalo, New York ak Gouvènè adjwen, Kathy Hochul. An nou bat bravou pou li.

Mwen vle remèsye Jij Sheila Abdul- Salaam, ki enpresyonan anpil. Jij lakou dapèl. Mwen poze tèt mwen kesyon kimoun ki te nome I. O, se mwen ki te nome I. Se sa. An nou bat bravou pou li, Sheila Abdul- Salaam.

Bon zanmi m pandan anpil ane, Majistra Bill de Blasio. Mèsi anpil paske ou te avèk nou, Majistra.

Nou gen zanmi nou yo ki soti nan delegasyon kongrè a. Senatè Chuck Schumer, Depite Caroline Maloney, Depite Pete King, Depite Engel mwen wè. Depite Gregory Meeks –sa a twò bèl pou I ka Gregory Meeks. Èske se Gregory Meeks? Delegasyon kongrè a enpòtan anpil nan fason nap fè biznis, pou Eta fè sa ki dwe fèt—Depite Nita Lowey— pou Eta fè sa ki dwe fèt osi agresivman ke nou te fè I. Nou reyèlman bezwen gouvènman federal la pou I patisipe e paske li travay avèk nou e yo te la nan chak etap nan pwosesis. Pafwa mwen konn rele Senatè Schumer; mwen konn mande I pou kèk bagay e mwen ka tande chòk la nan telefòn la men li pa janm di non e li toujou fè sa ki nesèsè e yo delivre I pou nou anplizyè fwa – keseswa se lajan pou siklòn Sandy 60 milya dola, lajan pou pon Tappan Zee ke depite Lowey te fè nou jwenn. An plizyè fwa, yo te la pou nou. Nou pat kapab fè sa nou fè a san sipò yo. An nou bat bravo pou yo, nou remèsye yo anpil.

E Prezidan Silver ak Senatè Marty Golden ki reprezante sena ak asanble a pou nou jodia ki se patnè nou nan chak etap nan wout la – se yon plezi pou m avèk nou. Mwen remèsye yo.

Senator Andrea Stewart-Cousins: se yon plezi pou m avèk nou, Andrea. Mèsi pou lidèchip w.

Konte Egzekitif Mangano, Konte Egzekitif Bellone, ak Linda Mangano, se yon plezi pou m avèk nou.

Nou te tande de Reveran Karim Camara ki te fè lapriyè ouvèti a pou nou. Li se yon manm nan asanblea ki fantastik, fantastik. Se yon plezi pou m avèk ou, Reveran Karim Camara.

Rabbin Michael Miller ki te fè ouvèti a. Li te egalman mennen nou Israel jis nan tan intifada, lè Israel te reyèlman ap eksperimente yon peryòd vyolans. Nou te di se te pi bon moman pou ale paske nou te vle fè yon deklarasyon. Sèten moun pat konprann lojik sa touswit men se te pi bon moman pou n ale nan tèm pou montre solidarite e mwen te konnen Michael nan New York ak fason li te enpòtan nan New York. Ou wè I nan Israel, li menm pifò. E mwen te fyè anpil kòm Gouvènè New York pou m te dirije yon delegasyon ki te ale epi vizite Israel lè Israel te bezwen zanmi yo e New York te la pou Israel e nap toujou la. Mèsi anpil Michael Miller.

Ou pral tande Reveran A.R. Bernard ki te yon bon zanmi e li te yon gwo lidè enspirasyon pou plizyè milye Nouyòkè – li pral fè benediksyon fèmte a. Mèsi anpil Reveran A.R. Bernard.

Bob Duffy te itilize mo ekip lè li te konn pale osijè fanmi m – li te kòrèk. Ou pa vin Gouvènè san yon ekip. Ou pa jere Eta a san ekip la. E administrasyon mwen an se tout bagay osijè yon ekip kalite. Mwen sèlman sipèvize bon dewoulman operasyon an, mwen vle ou konnen – wi, alò nou ta reyèlman nan pwoblèm. Men se osijè ekip mwen an. Toulède ekip pwofesyonèl mwen ak fanmi m se ekip la. E nou te wè Sandy

Haitian Creole

ak Cara ak Maria ki la. Mwen gen frè ak sè: Madeline la, Maria la, Margaret la, Tante Nancy, Tonton Bob, Lisa, Larry Bolinski, Howard Maier, Tonton Bryan e – e, kijan ou rele? Mwen wè ou nan CNN chak maten. Ou sanble menm jan avèk mwen, men pa osi bèl gason – o, Chris Cuomo la! Ti frè mwen an la. Kidonk yo se fanmi m e yo te eksepsyonèl pandan tout peryòd la.

Nou manke yon manm nan fanmi an. Papa m pa avèk nou jodia. Nou te espere ke li te kapab vini; li lakay e li pa pote l byen ase pou l vini. Nou te pase nwit la avèk li, chanje nan tradisyon an enpe. Nou pat nan Albany yè swa; nou te rete lakay papa m pou n selebre nouvèl ane a avèk li. Mwen te revize diskou a avèk li. Li te di li te bon, espesyalman pou yon dezyèm manda. Gade, papa m se yon gouvènè twa manda. Men li voye salitasyon l pou nou tout. Li pat ka la fizikman jodia, papa m. Men papa m nan sal sa a. Li nan kè ak lespri chak moun ki la. Li la, e li la, e li se yon enspirasyon e eritaj ak eksperyans li se sa ki mennen eta sa a nan pwen sa a. An nou bat bravo pou li.

E mwen vle remèsye nou tout anpil paske nou pran tan pou nou la nan yon nouvèl ane. Li adapte, lè nou kòmanse yon nouvèl ane se yon pwen refleksyon natirèl. Nou revize pase a, nou planifye pou lavni, nou fè gwo rezolisyon sou fason pou pral fè menm pi byen. Mwen vle nou konnen ke rezolisyon mwen yo toujou rete entak. Douz èdtan, se yon nouvo rekò pou mwen.

Katran de sa lè mwen te antre nan administrasyon an, kòm nou te tandè Kathy e nou te tandè Bob, New York se yon kote ki diferan anpil. E nou te konfwonte avèk gwo defi. Plis moun te nan chomaj pase nenpòt kilè depi gwo depresyon an lè nou te pran chaj. Pati Nò New York te yon emoraji pou jèn moun. Ou ta prale nan ayewopò yo e ou tap wè jèn yo ap pran avyon paske yo kwè pa gen avni ankò nan nò New York. Gouvènman eta ki te sipoze ede, ki te sipoze rezoud pwoblèm yo, se te sèlman osijè reta ak malfonksyonman. E te gen yon santiman apreyansyon jeneralize ke pi bon jou New York yo te deyè e li ta pral vin pi mal e ou te santi santiman sa tap ogmante.

Mwen te di nan premye inogirasyon mwen an ke nou pa ka souzestime gravite tan. Sa a pa t yon moman pou plis diskou, se te osijè aksyon. Li te osijè rezilta e li pat sou kesyon retorik. E men sa nou te fè – nou te fè gouvènman travay.

Nou te restore ekonomi an; nou te kreye 500,000 travay sektè prive. Eta sa a gen jodia 7.6 milyon djòb, plis pase sa ki te janm egziste nan istwa eta New York. Men sa nou gen jodia. Nou te chanje yon defisi \$10 milya an yon sipli \$5 milya. Nou te mete trepye nan syèl la nan kote yo te panse ki te disparèt. Nou te elaji lojman a bon mache, nou te pase pre-k inivèsèl, nou te bay fanmi kap travay di yo yon rediksyon nan taks. Nou te elaji swen sante, 1.5 milyon Nouyòkè anplis te kouvri kounye a pase anvan.

Nou te fè New York pi ekitab avèk egalite maryaj, nou te fè New York ki ansekirite pou pase lwa sansib sou kontwòl zam. Nou te fikse yon standa nasyonal e nou te angaje eta sa a pou l premye eta nan peyi a pou mete fen nan epidemi SIDA nan pwochen deseni a e nou pral fè l.

Nou te fè sa a. E anfas la sou “Nou.” “Nou” se moun biznis nan nò eta ki chwazi pou rete ak kontinye espere. “Nou” se anplwaye piblik yo; pwofesè, lapolis, ponpye ki sèvi ak pwoteje. “Nou” se manm

asanble Eta New York. “Nou” se manm Sena Eta New York. “Nou” se kòlèg yo nan delegasyon federal la. “Nou” se repibliken ak demokrat ki mete New York nan premye pozisyon epi pati politik an dezyèm pozisyon menm nan peryòd gwo pasyalite sa a. Paske nou sonje poukisa nou la, misyon nou se pou sèvi piblik la men se pa pou nou sèvi enterè politik nou.

Nou se Nouyòkè ki mete akote diferans nou pou n jwenn yon fwon komen pou fè eta sa a ale delavan. Kounye a menm avèk tout sa nou fè, travay nou lwen pou l fini. Nou gen anpil lòt bagay ki rete pou fèt. Nou gen pou nou rebati ekonomi pati nò a nan tout pati nò New York lè nou repwoudi modèl siksè ke nou itilize nan Buffalo. Nou dwe adrese povrete elve ki kwonik nan eta sa a, nan anpil zòn iben nou yo soti nan sid Bronx pou rive Rochester. Nou dwe egzije ke valè yon èdtan travay, salè minimòm, li sifizan pou di ke ou pa bezwen chwazi ant peye lwaye a ak mete manje sou tab la.

Nou toujou gen twòp jèn moun nan prizon nan yon laj ki twò bonè e ki koute nou twò chè e sa dwe sispann.

Fi yo toujou twò souvan viktim vyolans e yo toujou pran nan pyèj anba yon plafon vè e nou toujou bezwen lwa sou egalite fi yo pou ba yo egalite total nan sosyete sa a.

Nou dwe kenbe disiplin fiskal nou e nap kontinye bay soulajman taks pou fanmi ki an difikilte ansanm avèk biznis kap grandi yo.

Nou dwe fè plis pou refòm etik pou devlope konfyans sa ki vital pou nenpòt gouvènman.

Sistèm edikasyon nou an, pandan lap vin pi bon pase avan, li lwen de sa nou bezwen pou dirije ekonomi mondyal la. Nou gen nouvo defi ak defi kap grandi ke nou pat genyen anvan, tankou chanjman nan klima ak tanperati ekstrèm, sa ki te bay New York tònad, siklòn, tanpèt nèj, ak inondasyon. Sèt pye nèj nan Buffalo, sa ki depase tout rekò anvan e sa vle di yon bagay. Mwen pa ta sezi pou m ta wè krikèt vini nan Broadway. Nou gen nouvo defi nan sistèm sante piblik nou an, tankou viris Ebola. Nou gen nouvo defi nan sistèm sekirite piblik nou an kote trèzan apre 9/11 teworis te miltipliye soti nan Afrik pou rive nan Azi, soti nan Hamas pou rive nan ISIS.

Sa yo se vrèman defi. Men katran ki sot pase a te renouvle konfyans nou e li te montre nou sa nou ka akonpli lè nou travay ansanm. Sonje ki kote nou te soti. Se moman pou nou fonsè zanmi mwen yo paske pa gen ti solisyon nan gwo pwoblèm yo. Nou ka fè tout sa mwen te mansyone yo e nou ka fè plis ankò. E nou dwe.

Paske nan anpil fason pwoblèm ki pi grav nap fè fas yo depase fwontyè eta nou an e defi yo pwofon. Nou te obsève ajitasyon ak dezakò nasyonan; pwomès ameriken an nan li menm ap kesyone. Óf egalite ak opòtinite ki te kontra fòmèl ameriken a kounye a nan dout.

Ameriken yo dekouraje epi desi pa klima ekonomik la ak rezon sa. Yo te di nou ke resesyon an te fini, nou te li rapò ki di ke chif ekonomik yo ap monte, monte men nou travay pi di e nou touche mwens.

Haitian Creole

Ameriken yo dekouraje jisteman e yo desi akòz de klima ekonomik lan a rezon. Yo te di nou ke resesyon an te fini, nou te li rapò ki di ke chif ekonomik yo ap monte, monte men nou travay pi di e nou touche mwens. Inegalite nan revni nan pi wo nivo l plis pase yon syèk. Pandanke kapitalis Ameriken an pa janm garanti siksè, men li garanti opòtinite. Twòp ameriken ap kesyone tèt yo sou long kwayans osijè avni pitit yo si li pral pi bon pase pa yo. Pou anpil moun rèv mobilite ekonomik lan te ranplase avèk kochma kwoupisman ekonomik.

Pou jenerasyon anvan yo sistèm edikasyon nou an se te youn ki te gen espwa, li te yon eskalye pou soti nan povrete. Sistèm edikasyon piblik la te ka pran pitit gason yon imigran Italyen ki soti nan do yon episri nan sid Jamaica pou pèmèt li vini Gouvènè Eta New York. Li te ka pran yon ti gason Afriken-Ameriken ki soti nan Bronx epi pou wè li vini alatèt chèf ekip pèsònèl la. Li te ka pran yon ti gason pòv ki te grandi nan Bed-Stuy nan ane 1950 yo epi mennen l pou l vini PDG yon konpayi Fortune 500 bank.

Men sa se te sistèm edikasyon piblik yè a. Jodia, nou gen de sistèm edikasyon si nou vle di laverite – youn pou moun rich, ak youn pou moun pòv. Si sa rive ke ou fèt nan move kòd postal epi ou ale nan yon lekòl piblik ki an defayans, ou ka rete dèyè epi ou pa janm ka ratrape. Edikasyon piblik ki te gwo egalizatè nan sosyete a te vini nan kèk kominote gwo diskriminatè a. Ekonomi manifakti wo teknoloji jodia ki egzije aprantisaj kontinyèl te prese klas mwayèn nan e moun yo santi ke yo ekskli epi rete dèyè e sa se pa tout.

Si rèv Ameriken an sou opòtinite ekonomik te yon eleman debaz nan defini kontra ameriken an, pase dezyèm eleman ki te sistèm jistis nou an. E sistèm jistis nou an te asire pwomès egalite ak sekirite pou tout moun. Senbòl nasyonal jistis nou an, madam jistis, pote yon epe yon ansanm echèl e li mete tou yon bando sou zye l. Poukisa? Pou siyifye objektivite – ke yon richès, klas, ak ras pa enpòtan nan pouswit jistis.

Men jodia, malerezman twòp moun ap kesyone si bando a toujou entak, oswa si sistèm jistis la kounye a wè nwa ak blan oswa nwa oswa ble oswa rich oswa pòv. Mond lan te obsève yon gason afriken ameriken mouri nan Staten Island. E moun yo twouble, wont ak fache. Yo te vize otorite lapolis yo san rezon e yo te menm touye yo. Sitiyasyon an te dejenere nan yon fason kote tout moun ap pale men okenn moun pap koute.

Sa a dwe sispann. Se moman pou laverite.

Verite a sèke sistèm jistis la bezwen revizyon. Verite a sèke gen kesyon twoublan ke yo te souleve ki dwe jwenn repons. Verite a sèke ofisye lapolis yo bay plis sekirite e yo bezwen plis pwoteksyon. Verite a sèke lapolis bezwen respè kominote a otan ke kominote a bezwen pou l respekte lapolis. Verite a se obligasyon nou antanke dirijan pou bay refòm ki nesèsè yo pou asire sekirite. Sa a se yon pwoblèm Eta New York, sa a se yon pwoblèm Buffalo, se yon pwoblèm Ferguson, se yon pwoblèm Los Angeles, men li se egalman responsabilite nou pou rezoud li isit la nan Eta New York. Se defi sa nou gen devan nou.

Yè yon jèn gason te konplimante m pou re-eleksyon m e li te di, “Ou konnen mwen swete w bòn chans gouvènè,” avèk yon ekspresyon tristès sou figi l. Mwen te mande l poukisa? Li te reponn, “E byen ou pral dirije nan yon tan ki twouble anpil,” li te di laverite e li te gen rezon. Sa yo se moman ki twouble.

Lè Ameriken yo ap kesyone sistèm ekonomik nou an. Lè yap kesyone si wi oswa non yo gen mobilite ekonomik. Lè yap kesyone si wi oswa non pitit yo pral pi byen. Lè yap kesyone si wi oswa non sistèm edikasyon piblik nou an ap travay pou yo. Lè yap kesyone sistèm jistis nou an ak si wi oswa non sistèm jistis la ekitab. Lè yap kesyone sans tout bagay nou kwè yo, sa yo se prensipal enstitisyon demokratik nan peyi sa a. Sa se te kontra esansyèl nou te fè e se sa yap kesyone.

E se defi sa ki devan nou — pou nou gen ase kouraj pou n admèt verite a. Pou pale osijè pwoblèm sa yo kèlkeswa jan li difisil paske ou pap janm rezoud yon pwoblèm ke ou pa dispoze admèt e apres a nou dwe aji e nou dwe pèfòme e nou dwe bay rezilta ki reponn a kesyon sa yo e korije sa ki pa bon yo nan fè sa ki byen epi restore konfyans sou sa Etazini ye ak sa New York ye. Nou ka fè sa a. Nou pral kreye opòtinite ekonomik pou tout moun. Nou ka ogmante salè minimòm nan. Nou ka kreye bon travay. Nou ka fè minorite jèn yo jwenn fòmasyon. Nou ka itilize kredi fòmasyon travay. Nou ka kreye pi bon sistèm edikasyon nan mond lan. Nou ka venk biwokrasi. Nou ka jwenn rezilta. Nou ka fè chanjman nou bezwen fè yo. Nou ka jwenn resous nou bezwen yo. E nou ka restore konfidans ak konfyans nan sistèm jistis alafwa nan pèsèpsyon ak nan reyalite.

Kounye a ou ka di Gouvènè, sa yo se gwo defi. Sa yo se gwo defi e mwen pa konnen si nou ka fè l. Wi yo se gwo defi e wi yo pral difisil pou akonpli. Men zanmi mwen yo, men ki sa Nouyòkè yo fè. E se sa nou te toujou fè. Nou te toujou pran gwo defi yo - pran yo anvan, reyalize yo, e apres a kreye yon egzanp pou rès peyi a.

Nou te kòmanse avèk Kanal Erie nan 1812. Isit la nan Vil New York ou panse vil New York te fè vil New York. Non, Kanal Erie te fè vil New York. Gouvènè DeWitt Clinton te gen yon rèv. Kesyon an se te kiyès ki ta pral ouvè aksè nan lwès la. Kijan ou te ka jwenn machandiz pa dlo nan lwès la? E Thomas Jefferson ak Washington ak Virginia tap eseye fouye yon seri kanal ki te ka mennen ou nan Mississipi e sa tap ouvè nan lwès. Sa tap fè Virginia vini pò prensipal la. E DeWitt Clinton te di konsa” Mwen gen yon gwo lide. Nou pral itilize New York.” E ou ta vini avèk Hudson River e ou ta rive nan Albany e apres a ou ta fè yon vire a goch e ou ta fè yon tour nan eta e ou ta vini nan Buffalo e yon fwa ou Buffalo, ou nan Gran Lak yo. E apres a ou te ka ale nenpòt kote ou vle ale. Yo te di Gouvènè yon kesyon, lè ou vire a goch nan Buffalo – nan Albany, kijan wap fè pou rive nan Buffalo? Li te di pa gen pwoblèm, nou pral fouye yon kanal. Fouye yon kanal 524 kilomèt. 1812, yo te bati kanal sa a - pat gen idwolik; fi, gason ak milèt yo te fouye kanal Erie. Li te fè New York sa li te ye a. Yo te vini atravè vil New York pou ale jiska nan rivyè Hudson pou rive nan kanal Erie. Lè DeWitt Clinton te kòmanse pwojè sa yo te vle akize l paske yo te panse li te fou. Literalman, yo te di li pat ka fèt. Li twò anbisyè. Yo te reyalize l. Yo te reyalize l atan, yo te fè l sou bidjè. Epi sa te bay ranman. Li te fè Eta New York vini sa Eta New York ye jodia e li te akselere tout devlopman Etazini. Se sa nou ye. Se nan rezèv sa nou soti.

Lè yo tap pale osijè yon rèv sou dwa fi ak sifraj fi yo, kote yo te ale? Yo te ale nan New York. E Elizabeth Cady Stanton te di wi nou ka fè sa a, e se fi New York yo ki te vini ansanm ak òganize e yo te jwenn dwa pou vote. Lè yo te kanpe epi yo te di nan ane swasant yo, omoseksyèl yo merite dwa egal, se te nou menm nan Stonewall ki te kanpe epi yo te di ke li oke - omoseksyèl yo merite dwa egal ego. New York te la anpremye. Lè yo gwo eta te gen pou pase lwa sou egalite maryaj paske nou te fè diskriminasyon kont moun omoseksyèl epi pou pa kite yo marye se jis yon lòt sous diskriminasyon. E ou te bezwen yon gwo eta pou kanpe epi pase l e li te di, se te New York ki te pase lwa sou egalite maryaj e li te rezone nan tout peyi a.

Aprè Sandy Hook nou te wè masak timoun yo te touye yo e nou te di, ase se ase avèk foli zamafe a, e nou te bezwen yon eta pou pase lwa sansib sou kontwòl zam kiyès ki te fè l? Eta Nouyòk te fè l. Nou te fè l anpremye. Se sa nou ye e se la nou soti.

Frederick Douglass te di yon fwa, “Si pa gen difikilte, pa gen pwogrè.” Nou konnen ke nan New York okenn bagay pa vini fasil. Okenn nan sa li vo yo pat vini fasilman. Si li te vini fasil ou pa tap bezwen premyèman e sa a se moman inik New York. Paske lè bagay yo nan sitiyasyon ki pi mal, Nouyòkè yo nan pi bon moman yo. E a nenpòt nan moun ki gen yon kesyon sou kapasite nou jis gade ki kote nou ye jodia; bilding ki pi wo nan emisfè lwès la, pwèn elve New York nan menm sit la tankou pwèn fèb New York nan 9/11. Poukisa? Akoz de sa nou ye. Se poutèt sa sit sa a rete, se sa bilding sa vle di. Ou desann nou ba, nou leve defwa pi wo. Ou ba nou advèsite, nou chanje l an opòtinite. Ou eseye pou divize nou e nou tounen pi inifye ak pi sere pase anvan. E se sa defi sa yo mande nou pou nou fè. Pou pran gwo divèsite sa ki se New York ak pou jwenn pwèn komen epi pou vini ansanm pou enterè New York.

E yon fwa ankò nou mete anfas la sou nou. Nou, tankou papa m te konn di l si byen, nou se fanmi New York, li te rele l, yon koleksyon moun ki pi fonse, defyan ki soti nan tout peyi nan mond lan. Chak koulè, chak kwayans isit la nan New York. Omoseksyèl ak moun ki dwat, nò ak sid eta ap travay ansanm pou fè divèsite nou an vini yon sous fòs e non feblès ak pou nou jwenn fwon komen nou an yo tout pou menm objektif komen pou fè New York yon pi bon eta.

Nou pral fè sa e nou pral dirije peyi a pa egzanp nou yon lòt fwa ankò paske sa se New York e nou se Nouyòkè e men sa nou fè.

E.B. White te di konsa, “New York reprezante pou peyi a sa klòch blan legliz reprezante pou vilaj la. Senbòl vizib aspirasyon ak lafwa. Plim blan yo di ke chemen an anwo. Sa se New York. Senbòl pou pi devan. Senbòl ki montre nou direksyon ki anplas la.”

Mèsi e ke Bondye beni ou.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Haitian Creole

**We Work for the People**

Performance \* Integrity \* Pride